ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКАЯ ГАЗЕТА ЭЛЬБРУССКОГО РАЙОНА КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОЙ РЕСПУБЛИКИ

# Эльбрусские новости

ГАЗЕТА ИЗДАЕТСЯ С 3 ИЮЛЯ 1979 г.

СРЕДА, 27 СЕНТЯБРЯ 2006 года

№ 115 (3890)
Цена 3 рубля

✦ **Строительство**

***В Приэльбрусье продолжается строительство новой, гондольного типа, канатной дороги на гору Эльбрус.***

## Канатную дорогу – к горнолыжному сезону



На объект мы приехали в разгар рабочего дня. На строительной площадке нижней станции было много людей и техники. Каждый занимался своим делом: одновременно велись общестроительные работы и монтаж оборудования. Заместитель генерального директора по строительству компании «Ай-би-си», начальник пускового комплекса Алексей Иванович Нагалач старался успеть повсюду, его голос был хорошо слышен, несмотря на шум работающих техники и механизмов. Наконец, он уделил нам внимание.

- Работы по строительству канатной дороги были возобновлены еще в середине мая, - поделился Алексей Иванович. – Но в первое время здесь было занято немного людей из-за неопределенности с финансированием. И сегодня еще заказчик - ООО «Канатная дорога Эльбрус» – не выделил необходимые финансовые средства. Пришлось нашей компании брать кредит в банке – 26 миллионов рублей.

Ускоренными темпами начали вести работы с 22 августа. На объекте задействованы два строительных участка, монтажная группа и одна из фирм, которая занимается энергоснабжением. Всего трудятся около двухсот человек, это каменщики, плотники, арматурщики, бетонщики, монтажники, люди других специальностей. Практически все бригады комплексные, и дело у них спорится.

К сегодняшнему дню установлены все опоры, заканчивается монтаж гаража для кабин, нижней станции, идет строительство линейных сооружений, опор связи, тяговых подстанций на верхней площадке «Старого кругозора». Работы ведутся весь световой день, зачастую и при искусственном освещении и без выходных.

Контрольный срок пуска канатной дороги в эксплуатацию – 14 декабря этого года. Но какова вероятность своевременной сдачи объекта, ведь много времени, заметим, лучшего для ведения строительных работ, потеряно? Это зависит, пожалуй, от двух основных факторов - финансового обеспечения и комплектации оборудования. О первом уже сказано. Что касается второго, то сегодня необходимым оборудованием обеспечена лишь нижняя станция, а для верхней оно затерялось где-то в пути, хотя доставка его планировалась к 12 сентября.

Безусловно, республика заинтересована в том, чтобы ввести в строй канатную дорогу к началу очередного горнолыжного сезона. Еженедельно при Правительстве КБР проходит заседание республиканского штаба, координирующего все действия. Думается, в итоге будут решены все проблемные вопросы, и в конце декабря комфортабельные вагончики один за другим поплывут вверх, на станцию «Старый кругозор». А там уже нужно будет заняться всеми организационными делами для начала в будущем году строительства второй очереди канатной дороги до станции «Мир».





**А. ПЕТРОВ.**
**Фото Ж. Хаджиева.**

***Сегодня – Международный день туризма***

*Конец сентября – не лучшее время для отдыха в горах. Не случайно этот период, вплоть до начала горнолыжного сезона, в Приэльбрусье называют межсезоньем. Ночи уже довольно прохладные, и в палатке находиться не уютно. Но пансионаты, некоторые турбазы и, конечно, многочисленные частные гостиницы продолжают принимать людей.*

## Здесь все располагает к хорошему отдыху

В тот день, когда мы отправились в Приэльбрусье, был солнечный и по-летнему теплый день. По пути обогнали несколько автобусов с экскурсантами, двигался в направлении Терскола и частный автотранспорт. В курортной зоне людей, правда, было не так много. А те, кого встречали, не спеша прогуливались по лесным тропинкам, наслаждаясь чистым горным воздухом и красотой природы. Нашими собеседниками оказались Алексей и Елена Кравченко из Украины.

- Мы приехали сюда не в первый раз, – поделилась Елена. – И, думаю, не в последний. Почему выбрали именно сентябрь? Просто так совпало, что у нас с мужем появилась возможность отдохнуть вместе. Вот и сына взяли с собой. Он впервые в горах и, конечно, впечатлений у него остается много, будет что рассказать друзьям. Повезло с погодой, да и природа в это время года особенная. А еще, после городского шума, здесь такая тишина…

Действительно, день был безветренный и тихий, и все располагало к отдыху на природе. На поляне Чегет в прежнем, летнем, режиме работали кафе, кресельная дорога поднимала людей на гору одноименного названия…

- Как нам рассказали в открытом акционерном обществе «Эльбрустурист», минувший летний сезон в целом удался. Пансионаты «Чегет» и «Иткол», базы отдыха «Эльбрус» и «Ындырчи» в разгар его были заполнены практически до отказа. Примечательно, что в этом году отдыхало не только много детей, но и взрослых. Люди приезжали целыми семьями. А в «Ындырчи» согласно договору побывали во время летних каникул дети из Волгоградской области. Так что спрос на путевки в этот прекрасный горный край растет.

Популярностью пользуются и туристические объекты ОАО «Каббалкальпинист», в частности, расположенные в одном из самых живописных ущелий Приэльбрусья – Адыр-суу. В спортивно-оздоровительных базах «Уллу-Тау», «Джайлык» в пик летнего сезона, что называется, яблоку негде было упасть. Многим туристам и приехавшим совершать восхождения на близлежащие вершины альпинистам не хватало места в спальных корпусах баз, и они жили в палатках. И, как всегда, было много детей, в основном тех, кто занимается в спортшколах республики.

Нельзя не отметить и тот факт, что в Приэльбрусье в последнее время много сделано по улучшению сервисного обслуживания. Если прежде в тех же пансионатах ОАО «Эльбрустурист» были стандартные двух- и трехместные номера, то сейчас созданы и более комфортные условия для проживания. В пансионате «Чегет», например, есть люксовые двухкомнатные номера с мягкой мебелью, телевизором, холодильником. Заметно расширилась сфера услуг, практически везде есть кинозалы, библиотеки, бильярдные, бары, сауны, работает спутниковое телевидение. Организованы прокат и ремонт туристического и горнолыжного снаряжения, есть камеры хранения, налажена должным образом телефонная связь. Некоторыми частными фирмами стали оказываться и несколько необычные виды услуг – верховая езда на лошадях, рыбная ловля… А в перспективе прокат велосипедов, открытие стрелкового туризма и других объектов.

Пройдет еще какое-то время, и пансионаты, базы отдыха временно закроются. Начнется их подготовка к горнолыжному сезону.

**С. АНДРЕЕВ.**

# ЗЭНЗЭНЫПС

**Страница на кабардинском языке**

*1. Актуально. 2. Налоев А. Юморески.*

***НапэкIуэцIыр игъэхьэзыраш ЖЭМЫХЪУЭ РАЕ***

**Абы дегъэпIейтей**

*Лъэпкъ щыжытIэкIэ, а цIэмкIэ дызэджэр Iэпкълъэпкъ гуэрщ, БЗЭР псэуэ Iуту. ХАБЗЭР фащэ дахэу щыгъыжу. Псэ хэмытыжмэ, Iэпкълъэпкъым и гъащIэр къоувыIэ, и щыIэныгъэр еух.*

*Тхьэм и шыкуркIэ, ди лъэпкъым иджыри и псэр Iутщ. Ауэ Iэпкълъэпкъыр сымаджэщи, щыгъ фащэр зэрыщылэлыр къыфIэIуэхужкъым. Щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ апхуэдэ щытыкIэм дыщIитым. Ахэри къыщежьар нобэкъым икIи дыгъуасэкъым.*

*Иджыпсту ди лъэпкъыр зэрыхуа лъэхъэнэр блэкIыху, дэ къэдгъуэтыжын хуейщ дыхэмыкIуэдэжу нобэрей лъэпощхьэпохэм дазэрыблэкIыфын Iэмалхэр. Абы къыдэкIуэу зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым нобэрей щытыкIэ гугъум нэхъ хьэлъэ куэдым ди лъэпкъыр къызэрелар.*

## ЛЪЭПКЪЫР IЭПКЪЛЪЭПКЪМЭ,

### бзэр абы и псэщ, хабзэр и фащэщ

Ди япэ итахэм къахэкIащ зылI и быну лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэфа цIыху Iущхэр. ИкIи а зэкъуэтыныгъэращ лъэпкъ хабзэм и нэхъыфIхэри и бзэри щIахъумэфар, нобэм лъэпкъыу дыкъэзыхьэсар. Узэкъуэмыувэу зы Iуэху тэрэзи нэгъсауэ пхуэщIэнукъым, унафэ гуэр зэбгъэпцIми – пхуэгъэзэщIэжынукъым. Ауэ лъэпкъыр дызэхыхьауэ дызэкъуэтми, унафэ пхэнж къэтхькIэ ди Iуэхухэр ефIэкIуэнукъым.

Угубзыгъэмэ, жагъуэгъуми ухуэгъэжакъуэнкъым, хамэми пщIэ къыпхуищIынщ, нэхъыщIэхэм щапхъэ уахуэхъунщ, нэхъыжьхэри бгъэгушхуэнщ. БалигъыпIэ иувауэ, зи къару илъыгъуэу, адыгэу зызылъытэж псоми нобэ ди зэхуэдэ къалэнщ зи Iэпкълъэпкъ дыщыщ лъэпкъым и гъащIэр нэхъ кIыхь хъун папщIэ дуней зэхэтыкIэмрэ дыщыпсэу къэралымрэ къыдат Iэмалхэр къэдгъэсэбэпыну. Ахэр куэдыкIейщ икIи дэтхэнэ зы нэрыбгэми хуэщIэнур мащIэкъым. Унагъуэ щхьэхуэм щегъэжьауэ, къэрал къулыкъу нэхъ лъагэ дыдэм щиухыжу, мы Iуэхум хэлIыфIыхьыну хуейм ищIэн игъуэтынущ.

ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, щхьэзакъуэ фейдэр лъэпкъ узыншагъэм япэ изыгъэщи диIэщ, лъэпкъыцIэм ирисондэджэр фIэкIа, сэбэп хъуну я гум имылъыххэу. Абы къикIыркъым уи щхьэ Iуэху зепхуэжыфыныр емыкIуу, емыкIур абы къыдэкIуэу лъэпкъ Iуэху умылэжьыныращ. Уи ехъулIэныгъэхэр уи ныбэмрэ уи фэмрэ фIумыхыфу лъэпкъ Iуэхум зэштегъэуууэ фIэкIа ухэмытмэ, итIанэ зыкIи укъыщхьэщыкIкъым зыхуейр игъуэту Iуэ кIуэцIым щытхъэ хьеуаным.

Адыгэбзэм и IэфIыр кIуэ пэтми щIоткIукI, нэхъ мащIэ мэхъу абы ирипсэлъэфхэм я бжыгъэр, анэдэлъхубзэм нэмыплъ езыт цIыхухэри куэду къытхэкI хъуащ. Абы щхьэусыгъуэ дапщэ имыIами, апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр зыгъэзахуэ яхэткъым.

Гу лъытапхъэщ зыужьыныгъэм и гъуэгу гуэрым дуней псор зэрытеувам. Япэм псыхъуитIым дэс цIыхухэр зэкIэлъыкIуэгъуейуэ, псыр зэпызыупщIыфым лIыгъэ зэрихьауэ жаIэрэ, пщIэ лей хуащIу щытамэ, иджы зым дежкIи ар хьэлэмэтыжкъым. Иджы напIэзыпIэм къриубыдэу компьютеркIэ зыпыпщIэфынущ дунейм и дэнэ щыпсэуми. Ар къохъулIэн папщIэ компьютерми а зызыпыпщIэми я бзэхэр пщIэн хуейуэ аращ. Абы къыхэкIыу, нэгъуэщIыбзэхэри фIы дыдэу тщIэныр щапхъэщ. Ауэ а Iуэху дыдэм нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ, ди анэдэлъхубзэм хуэтщI гулъытэр апщIондэху нэхъ мащIэ тфIохъу. Ди анэдэлъхубзэм и куупIэр, и къабзапIэр зыхэтщIэжыфыркъыми, нэгъуэщIыбзэхэм къахэкIа псалъэхэмкIэ кудауэ дызэрыуэршэр бзэ къызэрыгуэкIыр тхурикъу тфIощI.

Унагъуэм щызэхимыхыу сабийм езыр-езыру анэдэлъхубзэ къищтэнукъым, ауэ унагъуэм щызэригъэщIа адыгэбзэри зэманым IэщIихынкIэ мэхъу. Уеблэмэм дэтхэнэ унагъуэми щызэхэпхынукъым адыгэбзэ къабзэ. ЩIакхъуэ уасэ къэлэжьынымрэ сабий хуэпэнымрэ адэ-анэр пылъыху, я быныр телевизорым «егъасэ».

Апхуэдэ «унагъуэ гъэсэныгъэм» зебгъэхъуэжа нэужьщ еджапIэм зэрыщрагъаджэ, зэрыщагъасэ щIыкIэм хэлъ ныкъусаныгъэхэм, ахэм щхьэусыгъуэ хуэхъум уатепсэлъыхь щыхъунур.

Мы Iуэхури ящыщщ щхьэхуэу гу зылъытапхъэхэм. Псом япэ ибгъэщ хъуну къыщIэкIынщ адыгэ алыфбейм и зэхэлъыкIэр. Къэпым ирагъэпщхьа дыгъужьым хуэдэу, адыгэ макъ 57-р урыс алфавитым и хьэрф 31-м «ирагъэпщхьащ», ауэ изагъэркъым. зэрытщIэщи, хьэрфитIу зэгуэту 19, щыуэ зэгуэту 5, плIыуэ зэгуэту 1 хэтщ адыгэ алыфбейм. Апхуэдэ щIыкIэкIэ дэ бзэр идоудых, допIытI, зэхыдофыщIэ, адыгэбзэр зыджынухэри, абыкIэ еджэн хуейхэри бэлыхь хыдодзэ.

Бзэри литературэри зэрадж тхылъхэр ирикъуу зэрыщымыIэм димыгъэпIейтейуэ къанэркъым. А Iуэхур япэу къэзылъахъэхэм ящыщщ алыфбейр зэрымытэрэзыр. Апхуэдэу мащIэ дыдэщ адыгэбзэр джыным хухах сыхьэт бжыгъэри. АбыкIэ унэ, класс щIыб лэжьыгъэхэм Iэмал гуэрхэр къуат къыпщохъу, ауэ дэIэпыкъуэгъу нэс хъур класс щIыб лэжьыгъэ закъуэращ. Абы и IуэхукIэ унэ лэжьыгъэм зы сэбэп къихьыжыркъым ди зэманым. Япэм телевизор, видеомагнитофон, компьютер хуэдэхэр щыщымыIам, еджакIуэм унэ лэжьыгъэ ептмэ, зэштегъэум къыхихми, ищIыжт, нэхъыбэ зэрищIэным, зэреджэным пылът.

БаштекъуэзэкIэ зыми зыри фIыуэ пхуегъэлъагъунукъым, бубэрэжькIэ удын щIебдзыр къыпхугурыгъэIуэнукъым, абы езыр зэрыхуейр и фIэщ пхуэщIынынукъым. Къэнэжыр зыщ – дегъхьэхын хуейщ. ЩIэблэм адыгэбзэр фIыуэ едгъэлъагъунумэ, ар нэгъэсауэ ящIэн зэрыхуейр къагурыдгъэIуэн ди мурадмэ, сабийхэр «2»-м щыдмыгъащтэу къыдэтхьэхын хуейщ. Я нэхъ емыджэф ныбжьыщIэми адыгэбзэр и нэ и псэ пщIыфынущ фэрыщIагъ хэмылъу Iуэхум узэрыбгъэдыхьэр зыхебгъащIэмэ, гупсысэкIэ уи сабиигъуэм бгъэзэжрэ абы и пIэм зибгъэувэфмэ, адыгэбзэ къабзэкIэ упсэлъэныр щIыхь лъагэу зэрыщытыр уэ езым уи фIэщ хъужу щытмэ.

Тхылъхэр зэрымыщIагъуэри, щIэгъэпсынщIауэ зи бзэр зыIэщIах лъэпкъ цIыкIухэм я анэдэлъхубзэр зэраджыпхъэ программэ щхьэхуэ зырыщымыIэри къэплъытэмэ, а ныкъусаныгъэ къомым имыгъэгужьейуэ, игури и псэри етауэ адыгэбзэр егъэджыным пэрыт егъэджакIуэхэм фIыщIэуи фIыгъуэуи яхуэмыфащэ щыIэкъым.

**ТХЬЭГЪЭПСЭУ Увжыкъуэ**,
«Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ.
Къэрэшей-Шэрджэс Республикэ, Черкесск къалэ.

## НАЛО Ахьмэдхъан

## «ЗэгурыIуащ»



- СынащIыхьэ хъуну?
- КъыщIыхьэ. Къеблагъэ, Даухъан, тIыс. ТIыс, Мишкэ, уэри.
- Си къуэр илъэс дапщэ лъандэрэ еджэрэ?
- Илъэсих лъандэрэ йоджэ.
- Илъэс дапщэ хъуа уэ учытил узэрыхъурэ?
- Мыгъэризэрщ.
-АтIэ, илъэсихым и кIуэцIкIэ зы учытилым кърымыта «двар» уэ укъызэрысу си къуэм къептыныр сытым къыхэкIа?
- ЗримыгъащIэу къэкIуати…
- Анна, си унэм щIэс си къуэ сэ къэслъхуам зригъащIэрэ зримыгъащIэрэ сэ сымыщIэжу уэ нэхъ пщIэрэ? Мусэ мыгъуэм и хьэдырыхэпсэ, а Iуэхум ней-нэфI хэмылъатэмэ, абы «два» къимыхьынт, мо игъащIэм цIыхум хамыбжа ХьэкIашэ и къуэм «тху» къыщихьым. Анна, еджэркъым жыхуаIэр сыт? Ар еджэрэ емыджэрэ сэ слъагъуркъэ? Мазитху хъуауэ зы мэскъалкIэ си сэбэпыжкъым ар, зы чымпэ къысхуиIэтыжыркъым. Еуэ тхылъ, еуэ тетрадь, жэщми тхылъ, махуэми тхылъ. Тхылъ фIэкIа дуней иIэжкъым? Абы ищIыIужкIэ апхуэдэ лей цIыхум кIэлъызырахьэрэ? «УкIытэхщи жэуап къитыжыркъым» жаIэу, цIыхум лей ирахрэ?!
- Уи фIэщ щIы, Даухъан, зыми лей есхыну си мымурад, ауэ…
- Сыт, гуIэгъуэ а жыпIэр! Ар жыпIэххэу пхуэздэнукъым, алыхь, лей зэрептхыр нэрылъагъукъэ?! Лажьэ зимыIэ щIалэр къэбубыду «два» щыхуэбгъэувкIэ… Сыт абы ищIыIужкIэ «лей» жыхуаIэжыр? Емыджатэм, зримыгъэщIатэм, хьэулейтэм, абы щыгъуэм зыгуэрт, ауэ щыдэкIкIэ тхылъыр и блэгущIэм щIэлъым, щышхэкIэ тхылъыр и пIэщхьагъым щIэлъмэ… Сытыт абы инэмыщIауэ «еджэ» жыхуаIэжыр? КъызжыIэт, зоIэ, сыт а псом нэмыщIыжауэ «еджэ» жыхуаIэжыр? Сыт?..
- Аращ уи къуэм зыри щIимыщIэри: тхылъым утескIи утелъкIи, уи блэгущIэм щIэлъкIи итыр къыпхуэщIэнукъым. Абы итыр къызэращIэр нэкIэ еплъурэщ. Уи къуэм дэри дыхуэбэлэрыгъынкъым. Уэри ухуэмыбэлэрыгъ…
- Къохъусыж, тIасэ цIыкIуу сиIэ. Уи деж чэнджэщакIуэ сыкъэкIуакъым. Алыхьым и шыкурщ уэ нэхърэ нэхъыщхьэIуэ зэрыщыIэр, укъыжьэдикъуэфын хуэдэу. Ари жыжьэкъым; зы бжэ къэбгъанэм, етIуанэрщ, доцIыхур. Засудани.

## ГУШЫIЭЛЪЭ

**А.**



А-а-а! Куэдым пцIы зэраупс междометиещ: ямыщIэ яжепIэмэ, ар къащIэжаифэ ирызытрагъауэ.

Адыгэбзэ. 1.Прохладнэм уфIихыркъым къулейсызщи, жызыIэ щыIэщ, ауэ Прохладнэ адэкIэ укъыщыпэувым, «докторым» зебгъэшэфынкIи хъунущ. Щапхъэ: бгъуэтынущ, улъыхъуэм.

Адэ. «Адэу» ятхми къызэрапсэлъыр «эдэущ». Зи адэхэр адэ зауэм щыкIуэда куэди щыIэщ, ауэ абыхэми «адэ» жаIэркъым «эдэм» щхьэкIэ. Сыт-тIэ орфографием и мыIуэху щIызэрихуэр?

**Б.**

Ба. Пасэрей мысырхэм «псэ» кърагъэкIт, пасэрей, адыгэхэр зэрымышауэ ба зэхуащIу щытакъым.

А данагъэр иджы къатхъунщIыж щIэблэм: къамылъхуу ба зэхуащIын щIадзэ.

**В.**

Вы. Тхъурымбэ къыIурыху вэрт, ауэ «бов апщий!» зыжраIэр пхъэIэщэжьырт. Иджы тракторкIэщ зэрывэр.

**Гу.**

Гуащэ. Адыгэ факультет къэзыуха нысэр мы псалъэм зэреджэнур архаизмщ, ауэ езы гуащэр адыгэ факультет къэзыуха нысэм зэреджэр унафэ щIыныгъэ наклоненэм ит глагол къудейщ. «Зафсему» гуащэм и гъуэлъыпIэм иригъэтIысхьэркъым.

**Н.**

Начальник. 1. Куэдрэ убгъэдэтым, тIэу сэлам епхынкIэ хъунущ. Езым сэлам лей зэрихьэркъым-къыуихыжыркъым.

2. Упэмылъэщынум, зумыпщыти нэхъыфIщ- мэжаджэ Iыхьэр лейкъым!

3. Сыт щыгъуи ущIыхьэ хъуркъым и кабинетым. Псалъэм папщIэ. Къуэ щыгугъыурэ пхъу ебланэр къыщалъхуа махуэм ущIигъэхьэркъым, и командиру щыта инэралыр уэрами.



Гу зылъытапхъэ: а) Умылъагъуу пхуэмышэчынум, къытрадзыжауэ зрегъэхьэлIэIитIкIэ сэлам къыуихынущ.

б) Мыпхуэдэ начальник зырызхэри щыIэщ.

**Ф.**

Фыгъуэ. НэгъуэщI уехъуапсэурэ ебгъэлейм, фыгъуэ мэхъу. Iейуэ фыгъуэ щыIэщ, лIам хужаIэ псалъэ гуапэ тIэкIум ефыгъуэжу.

Ижэри абы и лъэпкъэгъущ, аслъэнымрэ къаплъэнымрэ ещхьу. Фыгъуэмрэ ижэмрэ зэрышэри убэ къалъхуащ.



Убэм критикэ фащэ зыщитIагъэурэ и адэ-анэм ягу егъэзагъэ.

Щапхъэ: «Ар бугалтыр хъун?! Налшык, къулыкъущIэхэм къыщакIухь уэрам нэхъ дахэ дыдэм, «щкъуах» жиIэу къыщепсащ! Хьэку мафIэм пэроубжьытхэр, зиунагъуэрэ!.. И нэ къудейм еплъыт, ар зи нэр бугалтыр хъун?! Хъум тхьэр согъэпцI! ТегъэкIын хуейщ, мис аращ сэ жысIэнур!»